

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan dina bab saméméhna, ngeunaan kalimah éksprésif nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS, bisa dicindikeun yén kalimah éksprésif anu kapaluruh dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS miboga ma'na tur ngandung harti pragmatis.

Dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS, kapanggih dua hal anyar, nyaéta (1) ayana harti pragmatis panggeuri dina wujud kalimah déklaratif atawa wawaran, jeung (2) ayana harti pragmatis reuwas dina wujud kalimah interogatif atawa pananya. Salian ti éta, kapaluruh 158 data kalimah éksprésif, anu masing-masing kalimahna miboga ma'na tur harti pragmatis. Sanggeus sakabéh data kalimah éksprésif kapaluruh, tuluy dianalisis tur didéskripsikeun dumasar kana ma'na jeung harti pragmatis.

Aya sabelas ma'na kalimah éksprésif anu kapanggih tina 158 data kalimah éksprésif, nyaéta (1) ma'na nyarékan aya 3 data, (2) ma'na ngawilujengkeun aya 2 data, (3) ma'na cumeluk aya 60 data, (4) ma'na reuwas aya 27 data, (5) ma'na tumamprak aya 12 data, (6) ma'na karumasaan aya 10 data, (7) ma'na bungah aya 12 data, (8) ma'na kanyeri aya 2 kalimah, (9) ma'na mupuas aya 6 kalimah, (10) ma'na geuleuh aya 1 kalimah, jeung (11) ma'na keuheul aya 23 data.

Rupa-rupa kalimah anu geus kapaluruh ma'nana, tuluy dianalisis jeung didéskripsikeun deui dumasar kana harti pragmatisna, Aya opat wujud kalimah anu ngandung harti pragmatis dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* aya Hadi AKS, di antarana (1) déklaratif atawa wawaran aya 9 data, (2) interogatif atawa pananya aya 31 data, (3) imperatif atawa paréntah aya 71 data, jeung (4) aklamatif atawa panyeluk aya 47 data.

Wujud kalimah déklaratif atawa wawaran anu kapanggih aya 9 data. Sakabéh data anu kapanggih, ngawengku 5 harti pragmatis, nyaéta (1) harti pragmatis iber aya 3 data, (2) harti pragmatis nitah aya 1 data, (3) harti pragmatis ménta aya 1 data, (4) harti pragmatis ngantebkeun aya 3 data, jeung (5) panggeuri aya 1 data.

Wujud kalimah interogatif atawa pananya anu kapanggih aya 31 data. Sakabéh data anu kapanggih, ngawengku 12 harti pragmatis, nyaéta (1) harti pragmatis kaayaan aya 5 data, (2) harti pragmatis ngantebkeun aya 2 data, (3) harti pragmatis tempat aya 1 data, (4) harti pragmatis rasa aya 2 data, (5) harti pragmatis kalakuan aya 5 data, (6) harti pragmatis sabab aya 5 data, (7) harti pragmatis asal aya 1 data, (8) harti pragmatis golongan aya 6 data, (9) harti pragmatis jarak aya 1 data, (9) harti pragmatis babandingan aya 1 data, (11) harti pragmatis ajén aya 1 data, jeung (12) harti pragmatis reuwas aya 1 data.

Wujud kalimah imperatif atawa paréntah anu kapanggih aya 71 data. Sakabéh data anu kapanggih, ngawengku 11 harti pragmatis, nyaéta (1) harti pragmatis pangjurung aya 4 data, (2) harti pragmatis panitah aya 8 data, (3) harti pragmatis paménta aya 2 data, (4) harti pragmatis pamaksa aya 3 data, (5) harti pragmatis pangharepan aya 3 data, (6) harti pragmatis panyarékan aya 16 data, (7) harti pragmatis pangajak aya 3 data, (8) harti pragmatis pangbagéa aya 1 data, (9) harti pragmatis usul aya 2 data, jeung (10) harti pragmatis panggentra aya 29 data.

Wujud kalimah aklamatif atawa panyeluk anu kapanggih aya 47 data. Sakabéh data anu kapanggih, ngawengku 8 harti pragmatis, nyaéta (1) harti pragmatis kukulutus aya 3 data, (2) harti pragmatis panghaturan aya 1 data, (3) harti pragmatis kagumbira aya 8 data, (4) harti pragmatis tumamprak aya 8 data, (5) harti pragmatis kareuwas aya 9 data, (6) harti pragmatis kahariwang aya 5 data, (7) harti pragmatis kageuleuh aya 1 data, jeung (8) harti pragmatis kakeuheul aya 13 data.

Ma'na kalimah éksprésif cumeluk jadi data anu panglobana nyaéta aya 60 data, sedengkeun ma'na kalimah éksprésif geuleuh jadi data anu pansaetikna, nyaéta 1 data. Wujud kalimah anu panglobana nyaéta imperatif atawa paréntah aya 72 data, kalawan harti pragmatis panggentra aya 29 data. Wujud kalimah anu pansaetikna nyaéta kalimah délaratif atawa wawaran nyaéta aya 7 data, kalawan harti pragmatis nitah aya 1 data jeung harti pragmatis ménta aya 1 data. Bisa dicindekkeun yén lobana data anu kapaluruh, dipangaruhan ku latar tempat carita, kaayaan jeung eusi caritana, sarta tanda baca anu digunakeun.

## 5.2 Implikasi

Sabada nganalisis ieu panalungtikan ngeunaan kalimah éksprésif dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS, aya tilu implikasi anu bisa dilarapkeun, nyaéta dina widang paélmuan, dina widang atikan, jeung dina kahirupan sapopoé. Dina widang paélmuan, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan référénsi pikeun panalungtik séjén, hususna dina pedaran ngeunaan kalimah éksprésif, ma'na kalimah éksprésif, jeung harti pragmatis dumasar wujud kalimah. Dina widang atikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun bahan ajar dina kagiatan pembelajaran. Dina kahirupan sapopoé, ieu panalungtikan, hususna ka pamaca, dipiharep bisa ngalarapkeun pamahaman ngeunaan kedaling rasa anu diucapkeun atawa anu aya dina kalimah, dumasar kana éksprési jeung tanda baca. Tujuanana sangkan papada jalma ngarti kana rasa anu ditepikeun antara panyatur jeung pamiarsa, utama dina kahirupan sapopoé anu henteu leupas tina kagiatan komunikasi.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun, saperti ieu di handap.

- 1) Dina ieu panalungtikan, medar ngeunaan kalimah éksprésif katut ma'na jeung harti pragmatis nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS. Ku kituna, panalungtik miharep ku ayana panalungtikan anyar anu medar kalimah éksprésif ngagunakeun sumber data ucapan langsung (lisan).
- 2) Dina ieu panalungtikan, medar ngeunaan kalimah éksprésif katut ma'na jeung harti pragmatisna nu aya dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira*. Ku kituna, panalungtik miharep ku ayana panalungtika anyar anu dijembaran ambahan pedaranana, hususna dina struktur kalimah.